ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№64 (24.034) ● 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 2, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIуэкIуэ Казбек иригъэкIэщ КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек видеоэпыщIэныгъэм и Iэмалхэр кIигъэсэбэпри, КЪБР-м и Правительствэм хэтхэм я зэIущIэ вэсэмахуэ иригъэкIуэкIащ.

ЗЫХЭПЛЪА Iуэхугъуэхэм ящыщщ республикэм щыщIэ социально-экономикэ щытыкIэр, лъэпкъ проектхэр, къэрал программэхэр зэрагъэзащIэ щIыкIэр, кIыщынэмыщIауэ, COVID-19-м зыщиужь лъэхъэнэм КЪБР-м и экономикэмрэ социальнэ зэпIэзэрытынигъэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ япэ игъэщIапхъэхэм я планыр.

ЗэIущIэр къыщызIуихым щыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъащIащ, коронавирусым къыхилъхьа зэхъуэкIыныгъэ инхэм щхьэкIэ къэмынэу, экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ я быдагъымрэ зыужьыныгъэмрэ хуэунэтIа лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным ехьалIа къалэнхэр зыми зэращхьэщымыхар. Уэ зэрыщIалэм къыгъуегъуэва щытыкIэм зыхэдгъэзагъэкIэрэ игъэкIэ кIуэтэн хуейщ.

Правительствэм къита хъыбарым къызэрыхэщыкIэ, промышленнэ производствэм и индексыр 2020 гъэм накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу 2019 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентыр 116,5-рэ хъуащ. Абы и хэхъуэм хэлъхьэныгъэ нэхьбэ хуащIащ зэрылажьэ Iэмэлисымэхэр - компьютерхэр, электрон, оптикэ хьэпшыпхэр, электрооборудованэхэр, пхъэщхьэмыщхьэпсэхэр, щыгъынхэр, унэльащIэхэр, бытовой химиер - къыщIэзыгъэкI IэнатIэхэр. Процентыр 3,4-кIэ хэхъуащ мэкъумэш хозяйствэм кьилэжьми. Мылъку нэхъыщхьэм къыхуаутIыпща инвестицэр япэ кварталым процентыр 106-м нэсащ.

Арщхьэкlэ къэралым я къыщыхалъхьа къыпэзыубыдэ Iэмалхэм я зэран куэдым екIащ, псом япэрауэ, потребительскэ рынокым и щытыкIэм. Апхуэдэу хэщIащ розничнэ сатум, щагъашхэ Iэхуущlапlэхэм, цIыхухэм пщIэкIэ Iэхутхьабзэ щыхуащIэ Iэнатlэхэм кьалэжьым.

ЛэжьапIэнщэу зезыгъэтхахэм я бжыгъэм хэхъуащ - нобэ апхуэдэхэр цIыху 23 622-м нэсащ. Адрей Iуэхугъуэхэми кьадэкIуэу, ар къыхэкIащ лэжьапIэнщэу кьалъытауэ республикэм щыпсэухэм зэ ящыдIыпыкъэ папщIэ щыналъэм сом мини 5 зэрыщащгъуэвар. ЦIыху мин 12-м щIигъум апхуэдэ ахъшэ яIэрыхьащ псори зэхэту сом мелуан 64-м нэблагъэу. Зэман гъунэгъум апхуэдэ дэIепыкъуныгъэу псори зэхэту сом мелуанищ иджыри иратынущ цIыху мини 3-м.

КЪБР-м зэщIэзыгъэуIуэ и бюджетымрэ щыпIэ бюджетхэмрэ кьахэхъуэ налог, налогыу щымыт мылькум хэщIащ. БлэкIа мазитхум кьириубыдэу ар проценти 10-кIэ ехуэхащ. Социально-экономикэ щытыкIэр зэрызэфIэувэ щыкIэр хэпльытэмэ, бюджетым и хэхъуэм адэкIи кIэрыхунущ.

Республикэм и Iэтащхьэм кьыхигъэщащ цIыхухэмрэ экономикэмрэ дэIыгъыныр нобэ япэ игъэщIапхъэ кьалэну зэрыщытыр. Хуей хьумэ, зэрадэпикъуэ Iэмалхэм щIэхэр яхэгъэхьапхъэщ,икIи ар псынщIэу зэфIэгъэкIыпхъащ.

КьищынэмыщIауэ, КIуэкIуэ Казбек гу лъаригъэтащ пасэу зыхуагъэувыжа социальнэ кьалэнхэр зэпагъэу зэрымыхьунур икIи бюджетым игъэт хэщIыныгъэр зэрырагъэкъужьын Iэмалхэр кьызэралъыхъапхъэр, къэрал мылъкур фейдэ нэхъ кьыпыкIыу зэрагъакIуэрэ кьагъэсэбэпкIэрэ.

ЗэIущIэм щхьэхуэу кьыщаIэтащ жылагъэхэр псыкIэ кьызэрызэгъэпэщам, ухуэныгъэр зэрекIуэкIым, социальнэ IэнатIэм и объектхэр зыхуей зэрыхуагъаззмрэ кьызыхуэт щымыIэу зэрызэрагъэпэщыкьымрэ, гъэзгу хозяйствэм екьэлIа Iэхугъуэхэр.

2020 гъэм лъэпкъ проектхэм хьыхь щыналъэ Iыхьэхэм япкъ иткIэ ящхуэну е зыхуей хуагъаззэкьыну я мурадщ сом мелларди 2 зытекIуэдэну объект 80-м щIигъ. Лъэпкъ проектхэмрэ программэмэкэмрэ гъэззэщIа хъун папщIэ иджыпстукIэ контракт 213-рэ зэращIыпкIэщ. Ахэр нэхъыбэу екьэлIащ «Щынагъуэншэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгугъэр», «Демографие», «Экология», «Щэнхабзэ» унэтIыныгъэхэм.

А Iуэхугъуэм щIэгъэхуэбжьэн зэрыхуейр КЪБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ икIи дыщIигъуащ щыналъэ проектхэр зи нэIэ щIэтхэмрэ министрэмрэ я лжьыгъэр кьиззэралъытэнур программэм хьыка Iуэхугъуэхэр зэрыкIуэцIрагъэкIым зэрелъытар.

АдэкIэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм пщэрылъ щищIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр кьиззэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырыныбрэ гъэлъапIэныбрэ теухуауэ зэхалъхьа планым хагъэхьэну кьыхалъхьэну мыхьэнэшхуэ зиIэ объектхэмрэ лэжьыпхъэхэмрэ, щыналъэм щыпсэу дэтхэмэи и щхьэкIэ зыхиущIэн хуэдэу юбилей дахэм и фIыгъэкIэ я псэукIэр, социально-экономикэ зэIуэпэщынигъэр, гъащIэр зэрефIакIуар.

ЗэIущIэм и кIэхым КIуэкIуэ Казбек кьыхигъащIащ: «Дэтхэнэ зы кризисри - ар зи чэзу Iэмалщ, дэ зэдгъэхуплIэну ди кьалэну. Щхьэж зыпэрыт унэтIныныгъэм и зэфIэкI псори ирихьэлIэн хуейщ, зэгъусэу адэкIэ жыджэру дыкIуэтэн папщIэ!».

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ и деж езыхэм яфIэфIу псапащIэ кьалэнхэр зэфIэзыгъэкIхэм (волонтёрхэм) я Iуэхуэхмкlэ щыIэ Советым хэтхэр кьэщтэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж езыхэм яфIэфIу псапащIэ кьалэнхэр зэфIэзыгъэкIхэм (волонтёрхэм) я Iуэхуэхмкlэ щыIэ Советым хэтхэр кьэщтэн.

2. Кьэру имыIэжу кьэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж езыхэм яфIэфIу псапащIэ кьалэнхэр зэфIэзыгъэкIхэм (волонтёрхэм) я Iуэхуэхмкlэ щыIэ Советым теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м кьыдигъэкIа Указ №145-УГ-м и 2-нэ пунктым и ещанэ абзацым.

3. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ,
2020 гъэм накъыгъэм и 27-м
№58-УГ

(Советым хэтхэр 2-нэ нап. итщ).

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщIалэр (2019-nCoV) кьыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъунымкIэ зи чэзу Iуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м кьыдигъэкIа Указ №19-УГ-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щIэуэ къежьа коронавирус уз зэрыщIалэр (2019-nCoV) кьыщымыгъэхъуным нэгъэсауэ хуэхьэзыру щытынымкIэ хабзэр щыгъэувыным икIи абы земыгъэубгъунымкIэ зи чэзу Iуэхуэр лэжьыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м кьыдигъэкIа Указ №19-УГ-м щы кьыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) 2.5 пунктыр мы кьыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхьын:

«2.5. Санитар-эпидемиологиэ щытыкIэр ефIэкIуэжьхукIэ, цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьабзэхэр кьыщыдзэтегъуэвыIэн бгым лыжкIэ кьиззэрежэх гъэзгухэм, цIыху куэдым зыщагъэпсэху щIыпIэхэм, пансионатхэм, зыгъэпсэхупIэ унэхэм, турист базэхэм, санаторэ-зыгъэпсэхупIэ Iуэхущlапlэхэм (санаторэхэм), зыщагъэпсэхуузыншагъэр щрагъэфIэкIуэж сабий лагерхэм, хьэщIэщхэм, цIыху куэд зэкIуалIэ нэгъэщI унэхэу курорт щIыналъэхэм щыIэ Iэнатlэхэм, апхуэдэу щIыналъэм къэкIуэну хуейхэм (лжьыгъэ Iуэхукlэ щIыпIэм кьэкIуахэм е я кьуныкъукIэ я пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэр зыгъэзащIэу щIыпIэхэм кьищынэмыщIа) нэхъ пасэу зрагъэтхъныкьымрэ хьэщIэхэр зыщIэсынухэр яхуэхэныкьымрэ пыщIа Iэнатlэхэм я лжьыгъэр.»;

б) 2.10 пункт щIыгъэр, мыпхуэдэу иту:

«2.10. Мы Указым и 2.1 пунктым и етIуанэ, ещанэ абзацхэмрэ 2.5 пунктымрэ кьыщыгъэлъэгъуэ мардэхэр яхуэгъэзакъым Урысей Федерацэм е Урысей Федерацэм хьихь щIыналъэхэм я командэ кьыхэхахэм хэтхэр ягъэсэн папщIэ щызэхуашэсхэм, дзэм кьулыкъу щызыщIэхэмрэ хабзэхъумэ органхэм щылажьэхэмрэ, апхуэдэуи кьэрал зэгурыIуэныгъэхэм кьыщыгъэзэгъуахэр гъэззэщIэным кьиргъэув щытыкIэхэм екьэлIа-хэм.».

2. Мы Указым кьару егъуэт 2020 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щегъжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм накъыгъэм и 29-м
№60-УГ

КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ гъуэгухэр ухуэным теухуауэ екIуэкIа зэхуэсым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек накъыгъэм и 29-м хэтащ Урысей Федерацэм транспортымкIэ и министр Дитрих Евгений иригъэкIуэкIа селектор зэIущIэм. Ар теухуауэ щытащ «Шынагъуэншэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъэгухэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрыхъум.

ЗэIУЩIЭМ щытепсэльыхьащ гъуэгуухуэныгъэ лъэхъэнэм и япэ екъулIэныгъэхэм. Къыхагъэщащ лъэпкъ программэхэм щыубзыхуахэм тету къэралым и субъектхэм гъуэгухэр щыухуэнымкIэ кьалэныщхуэхэр зэрыщыізэфIагъэкIыр. Лэжьыгъэхэр иокIуэкI коронавирус узыфэм пэщIэтыным хуэунэтIауэ ягъэува мардэхэм изагъэу. ЩытыкIэр зэрыгугъум щхьэкIи къэмынэу, илъэс кIуам елъытауэ нэхъыбэм хуэнэсащ. Мы илъэсым накъыгъэм и 28-м ирихьэлIэу гъуэгуу тралъхьащ метр зэбгъуэзнатIэ мелуан 14-м щIигъу, икIи кьалэну зыхуагъэувыжа псоми я процент 12,52-рэ мэхъу. Ар метр зэбгъуэзнатIэ мелуани 2,9-кIэ нэхъыбэщ илъэс кIуам и иджы хуэдэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу ящIам нэхърэ.

«Гъуэгу сетхэр» проектым мылъкуу хухахми хагъэхъуащ. Дитрих Евгений проектхэр зэхэзыльхьэ Iэхущlапlэхэм яхуигъэуващ хухаха ахъшэр и чэзум яIэрыхьэн зэрыхуейм гулыитэ щхьэхуэ хуащIыну.

Псори зэхэту 2020 гъэм лжьыгъэм кьиззэщIиубыдэнущ объект 6000-м нэблагъэ, мардэм еэзгъыу зэрагъэпэщыжынущ гъуэгу километр 13719-рэ. Абыхэм ящыщу километр 473-рэ и кIыхьагъэу объекти 173-р зэрагъэпэщыжынущ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуащI кьалэнхэм ящыщщ контрактхэр зэщIыпIэным екъэлIа лэжьыгъэри зэфIэгъэкIыныр. ЩIынальэхэм кьата бжыгъэхэм ятепщIыхьмэ, зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIылIэн хуей планым накъыгъэм и 28-м ирихьэлIэу хагъэхьащ объект 5798-рэ - ар зэфIагъэкIын хуейм и процент 97,74-рэ мэхъу. Лэжьыгъэ ягъэзэщIэн хуейм и процент 95,3-кIэ зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIащ. Зэрыщыту кьалащтэмэ, Iэнатlэм щытыкIэр щытэмэу кьалъытащ.

А псоми кьадэкIуэу, зэIущIэм щытепсэльыхьащ ди кьэралым Хэку зауэшхуэм кьыщихьа текIуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум и щыкIэкIэ кьыхалъхьа «Текlуэныгъэм и уэрам» проектыр гъэзэщIа зэрыхъу щыкIэмэи. 2020 гъэм кьириубыдэу щыналъэхэм щызэрагъэпэщыжынущ, зыхуей щыхуагъэзэнущ Текlуэныгъэм и щыкIэм, зауэм хахуэу хэтахэм я цIэкIэ зыфIаща уэрамхэм хивбыдэ гъуэгуу 400. Абы хуэунэтIа лэжьыгъэр щIагъэхуэбжьэну кьалэн ящищащ министрым.

ЗэIущIэм и кIэухыу кьыхагъэщащ лъэпкъ проектыр щыналъэхэм щыгъэзэщIэным кьрикIуэнухэр, псом япэрауэ, ар зи пщэ дэлъ Iэнатlэхэм я унафэщIэхэм я Iуэху кьиззэгъэпэщыкIэм, лэжьыгъэхэр тэмэму зэрауэнатIым зэрелъытар. Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иIэщ гъуэгу инфраструктурэм зегъэужьын Iуэхум щыналъэм исхэри кьыхэшыкIым, сыту жыпIэмэ, лъэпкъ проектым и мурад нэхъыщхьэр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм и щIыхькIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек «Instagram»-м щиIэ напэкIуэцIым республикэм щыпсэухэм щохъуэхъу

«Ди сабийхэм я нэгум кьрих гуфIэгъуэр, зыIэрагъэхьэ екъулIэныгъэхэмрэ лъагапIэщIэхэмрэ ахэр зэрыригушхуэр балигъхэм ди дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэхэм ящыщщ.

САБИЙХЭР хъумэныр, анэхэм защIэгъэкъуэныр, кьыгущIэхъуэ щIэблэм я нобэрей махуэмрэ я кьэкIуэнымрэ сакъыу дахущытыныр сыт щыгъуи щытащ икIи кьонэж ди кьэралым и социальнэ политикэм щынэхъыщхьэ дыдэу. Сыту жыпIэмэ, сабийгъэмрэ къэжэпхъыгъэмрэ я зэманыр щIыхур гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуэвэныкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ лъэхъэнэру щытщи. ИкIи дэ ди зэхуэдэ кьалэнщ республикэм и сабийхэм я мурадхэр зрагъэхъулIэн, узынышу, насыпыфIэу кьэхъуэн папщIэ зыхуеину псомкIи кьиздгъэпэщыну.

Нобэ, Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм, си гуп кьыбгъэдэкIыу фIыщIэ зыхуейныну сыхуейщ зи гъащIэр сабийхэм тыхь яхуэзыщIахэм - адэ-анэхэм, гъэсакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, узынышагъэр хъумэн, социальнэ IэнатIэхэм я лжьыкIуэхэм.Фыщlэ фхузощI кьыхэфха Iэщlагъэм фызэрызэпэжьым, фи кьару фемыблэжу фызэрыплажьэм папщIэ.

Фэри Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу псоми сынывохъэхъу гуматщIэ дызыщI мы гуфIэгъуэ махуэмкIэ!», - итщ КЪБР-м и Iэтащхьэм «Instagram»-м щиIэ напэкIуэцIым.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.

Iэ тедзэгъуэр йокIуэкI

Мэлыжьыхьым и 1-м щIидзауэ йокIуэкI 2020 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр.

Иджыпсту щыIэ щытыкIэм ипкъ иткIэ, цIыхухэм Iэмал яIэщ пощтхэм мыкIуэу, я унэ щIэсыжу газетхэм Iэ традзэну - Урысейм и Пощтым и сайтым иIэ podpiska.pochta.ru жьхуиIэмкIэ апхуэдэ Iуэхутхьабзэр зэфIагъэкIыфынущ, къэралым кьыщыдэкI газет, журнал минитхум ящыщ дэтхэнэ зыми Iэ трырагъэдзэнущ. Iуэхутхьабзэр тэмэму зэтеухуауэ щытщи, дэнэ щыIупIэ щыпсэуми апхуэдэ щыкIэкIэ Iэ традзэфынущ нэхъ дзэныхъ кьыдэкIыгъуэхэм.

«Адыгэ псалъэр» зыIэрыхьэну хуейхэм хьыбар фыдогъащIэ: мазэ 6-м ди газетым и уасэр сом 696-рэ кIэлпейкIэ 30-рэщ.

Ди индексыр П 5894

И бюджетыр зыхущыщIэхэр иригъэкъужын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къратынущ сом мелуани 180-м щIигъу

Урысей Федерацэм и Правительствэм щыналъэхэм яридэIепыкъуным хухихащ сом меларди 100. Абы теухуа унафэм Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Мишустин Михаил. Субсидиехэр республикэ бюджетхэм хуауатIыпщынущ, 2020 гъэм накъыгъэм и 1-м ирихьэлIэу абыхэм кьаIэрыхьа налогхэр, налогыу щымыт мылькухэр илъэситI блэкIам яIа хэхъуэхэм нэхърэ нэхъ мащIэ хъуащи, ахэр ирагъэкъужын папщIэ.

УНАФЭМ ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хухах сом мелуани 180-м щIигъу. Ар тращIыхьащ республикэ бюджетым и хэщI нэхъыщхьэхэм.

Федеральнэ дэIепыкъуныгъэм хуэдэу щыпсэухэм я къэралым и социальнэ политикэм щынэхъыщхьэ дыдэу. Сыту жыпIэмэ, сабийгъэмрэ къэжэпхъыгъэмрэ я зэманыр щIыхур гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуэвэныкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ лъэхъэнэру щытщи. ИкIи дэ ди зэхуэдэ кьалэнщ республикэм и сабийхэм я мурадхэр зрагъэхъулIэн, узынышу, насыпыфIэу

● Гъуэгу ухуэныгъэхэр

ЛашкIутIэ къуажэм кIуэцIрокI

«Шынагъуэншэ икIи фIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгухэр» лъэпкъ проектыр гъэзэщIэным Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщеубгъу.

IУАЩIХЬЭМАХУЭ муниципальнэ щыналъэм щыззрагъэпэщыжьм щIадзащ Прохладнэ - Iуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгум хуэзышэ метр 3435-рэ зи кIыхьагъ Iыхьэр. Ар кIуэцIрокI ЛашкIутIэ къуажэм и курыкупсэм.

Кърахьэжьа лэжьыгъэхэм хеубыдэ гъуэгум тепъ асфальтIыр зэрахъуэкIыныр, псы щIэжьплIэхэр ирагъэфIэкIуэныр, лъэмыжжэр кьанэ щымыIэу зэрагъэпэщыжу, лъэс лъагъуэхэр кьагъэщIэрэщIэжьныр.

Нобэкlэ зэфIэкIащ псы щIэжьплIэхэр гъэкъэбзэныр, лъэмыжжэм едзыпIа щIыпIэхэм кьатекIа жыг къуацэхэр пыупщIыныр. АдэкIэ иужь ихьащ асфальтыр гъуэгум зэрыпералъхьэнум хуэзыкъэзыпIыным.

Лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIыну я мурадщ дызэрыплъэсым и жэпуэгъуэ (октябрь) мазэм и 30-м пщIондэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэкъуауэгъуэм и 2, гъубж

♦Къэуат зыщIэлъ ерыскъыпрэ шухынкIэ емыгъэлеиныпрэ я махуэщ

♦Италием егъэлъапIэ Республикэ щыхъуа махуэр *(1946 гъэм)*

♦Азербайджаным и гражданин авиацэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1920 гъэм РСФСР-мрэ Тыркумрэ дипломатие зэхущытыкIэ зэхуаIэ хъуащ.

♦1924 гъэм США-м щыпсэу индейцхэр а къэралым и цIыхуу къиззэралъытэ гражданэм Iэ щIадзащ.

♦1928 гъэм Налшык тхыль тедзапIэ кьащIэзIуахащ.

♦1931 гъэм Лондон (Инджылыз) щызэхэтащ Газым елэжьхэм я дунейпсо зэгухэнныгъэ кьиззэгъэпэщыным теухуа унафэ кьыщащта конференцэ.

♦1953 гъэм Елизаветэ ЕтIуанэр Инджылызым и пащтыхь гуащэ хъуащ.

♦1955 гъэм Байконур космодромыр ухуэн щIадзащ.

♦1962 гъэм Новочеркасск щызэтраукIащ уасэхэр зэрыдгагъэуеямкIэ зэрымыарэзыр жаIэну уэрамым кьыдыкъа цIыху мамырэр. Абы щыгъуэ цIыху 24-рэ хэкIуадащ, 39-рэ уIэгъэ хъуащ. Къэралым кьыпэуважэ ягъэхъуанщэри, суд унафэкIэ цIыхуибл яуклащ, 114-рэ ягъэтIысащ.

♦1976 гъэм СССР-мрэ Филиппины Республикэмрэ дипломатие зэхущытыкIэхэр яку дэлъ хъуащ.

♦Совет тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ **Тренёв Константин** кьиззэралъхуэрэ илъэси 144-рэ ирокъу.

♦Адыгэ сурэтыщI **ЛъапцIэрыщэ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, журналист **Хьэту Пётр** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Урысей акитрэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Яковлевэ Алёнэ (Еленэ)** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Теннисист цIэрыIуэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Дэвис и Кубокыр кьэзэзыхьа **Давыденкэ Николай** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 3, бырэжьей

♦Лъакъуэрыгъажэм и дунейпсо махуэщ

♦Черногорием егъэлъапIэ кьэрал щхьэхуит щыхъуа махуэр. Абы и парламентым 2006 гъэм мэкъуауэгъуэм и 3-м унафэ кьищтащ, Сербием кьыгуокIыу, Черногориер зыми и унафэ щIэмыт щынальэ щхьэхуэ зэрыхъум теухуауэ икIи ар дунейм и кьэрал псоми кьанэ щымыIэу кьалъытауэ щытащ. А гъэ дыдэм мэкъуауэгъуэм и 28-м ар хагъэхьауэ щытащ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм.

♦1571 гъэм кьрым хъан Долэт-Джэрий и дзэм Москва игъэсащ.

♦1864 гъэм Урысейм иIэ зоологие хадэр кьыщыззэIуахащ.

♦1869 гъэм Курск - Харьков - Азов гъуэгу Iуэгум мафIэгугъэ ирикIуэу щIадзащ.

♦1907 гъэм ЕтIуанэ Къэрал Думэр зэбграуатIыпщыкIыжащ.

♦1917 гъэм Советхэм я япэ съездыр кьиззэIуахащ.

♦1918 гъэм ЦIыхубэ комисархэм я советым унафэ кьищтащ «Третьяковым и галереер къэрал мылькуу кьэлъытэным теухуауэ».

♦1930 гъэм къэралым Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныкIэ и советым унафэ кьищтащ Беломор-Балтие зэрыкIуэнымкIэ щыным теухуауэ.

♦1943 гъэм къыщыззэрагъэпэщащ Iуэпкъыр нэмыцэ фашистхэм ящыхъумэным хуэгъэпса комитет.

♦1943 гъэм яхащ зауэ зэманым зэхакъутауэ щыта Налшык лы комбинатыр зэфIэгъэувэжьын.

♦1992 гъэм Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкIэ совет къыщыззэрагъэпэщащ.

♦Совет нейрохирург цIэрыIуэ, СССР-м медициндэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и япэ президенту, абы и академикыу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Курденко Николай** кьиззэралъхуэрэ илъэси 144-рэ ирокъу.

♦Революционер, Урысейм и Гъэзэщlакlуэ комитет хэхъущхьэм и унафэщIу щыта **Свердлов Яков** кьиззэралъхуэрэ илъэси 135-рэ ирокъу.

♦Совет режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, Социалист Лжьыгъэм и ЛIыхъужь **Герасимов Сергей** кьиззэралъхуэрэ илъэси 114-рэ ирокъу. Абы и цIэр зэрехэ КинематографиемкIэ урысейпсо кьэрал университетым.

♦Кубэм и Къэрал советымрэ и Министрхэм я советымрэ я унафэщI, Кубэм и компартым и ЦК-м и япэ секретарь **Кастрэ Рауль** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, сабийхэм папщIэ тхыль кьэщ кьыддзэзыгъэкIа тхакIуэ **Тамбий Александр** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Публицист, КЪБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель **Шал Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Радиожурналист, Урысей артиадэм и лауреат **Багъэтыр Нинэ** кьыщалъхуа махуэщ

♦КЪБР-м щIыхь зиIэ и уху кIуэ **Ещтрэч Сулътан** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Кубаным и къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Успенскэ районымрэ Армавир щыта лэмрэ я Iэтащхьэу щыта, Краснодар крайм и губернаторым и япэ кьэуэдзэу щыта, УФ-м мэкъумэшым и министрым и япэ кьэуэдзэ **Хьэту Жамболэт** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Атлетикэ псынщIэм щиIэ зэфIэкIхэмкIэ дуней псом щIэрыIуэ щыхъуа, Олимп Джэгуэм тIэунейрэ щытекIуа **Исинбаевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 38-рэ ирокъу.

♦Испанием щыщ теннисист, Олимп чемпион, а спорт лIэужьыгъэмкIэ 2008 - 2011 гъэхэм дуней псом бжьыпэр щызыIыгъа **Надаль Рафаэль** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщIынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:

Сабий щIэхъуэпсым гущэпс ед.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2020 гъэм накъыгъэм и 57-м къыдигъэкІа Указ №258-УГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж езыхэм яфІэфІу псапащІэ къалэнхэр зэфІэзыгъэкІхэм (волонтёрхэм) я Іуэхухэмкіэ щыІэ Советым ХЭТХЭР

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэр *(Советым и унафэщІщ)*

Езауэ А. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Алексейчик Т. И. - «Езыхэм яфІэфІу псапащІэ къалэнхэр зэфІэзыгъэкІхэм *(волонтёрхэм)* я лэжьыгъэм зегъэубгъуфынымкІэ центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр» фейдэ къеГъэщІыным пымыщІа автономнэ зэгухьэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыІуаУэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщІжьыныкІэ и министрыр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ адміни-страцэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаУэ)*

Бэрбэч А. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Геккиев С. З. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущапіэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ Іуэхухэмкіэ и проректорыр *(зэгурыІуаУэ)*

Гулиев М. Х. - «Къабардэкалджыкэ я Урысей зэгухьэныгъэ» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Гуппоев Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм граждан жылагъуэм хэгъэпса институтхэм зегъэужьыныкъо щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ органхэм ядэлэжьэныкІэ и комиссэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Жаным С. Р. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм и «Іуэху куэдым тегъэпсихьа щІалэгъуалэ центр» къэрал бюджет Іуэхущапіэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Къалэбатэ Р. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкІэ и министрыр

Къаскъуп І. Ф. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэ» щІыналъэ жылагъуэ организацэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

КІэрэф Р. Хь. - Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и полицэм и унафэщІым жылагъуэ хабзэр хъумэныкІэ и къуэдзэр *(зэгурыІуаУэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Къумыкъу К. З. - «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» Урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и зэщІэгъэуІуаКІэр *(зэгурыІуаУэ)*

КІуращын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкІэ щІэныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Къущхьэ З. А. - «Уэрэшыгъэ хъумэн Іэнатіэм и волонтёрхэр» Урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и зэщІэгъэуІуаКІэр *(зэгурыІуаУэ)*

Мокаев А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и къуэдзэр *(Советым и секретарщ)*

Мэкъуауэ Т. В. - граждан жылагъуэм зегъэужьыныкъо хэгъэпса институтхэм зещІэгъэкъуэным телажьэ «Къызэгъэпэщынигъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и президентыр *(зэгурыІуаУэ)*

Надежин М. В. - Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэмкІэ, хьазэрымыкІуэ щытыкІэхэмрэ дунейм и кхъухькъащІэ щынагъуэхэм я лъэужьыр гъэкІуэдыжьыныкІэ и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Сыжажэ А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм «Уи Гъунэгъуэм дэІэпыкъу» волонтёрхэм я республикэ сабий-щІалэгъуалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министрыр

Шаваев М. О. - «Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал бюджет Іуэхущапіэм культурологиемкІэ и кафедрэм и унафэщІыр *(зэгурыІуаУэ)*

ЩІыхьмырзэ М. М. - «КІуэкІыу В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущапіэм и ректоратым и чэнджэщэгъуэр *(зэгурыІуаУэ)*

Хэку зауэшхуэм имыгъэгуІа унагъуэ гъуэтыгъуейщ. Абы и ужь къэкІуэ илъэсэхэми щысхь яІахьым. А Іуэхуэм си сабиитІыр щыІэ лъапІэрышэр ирихьэлІами, щІыхубэм яшчам си анэшхуэ Хъущт ФатІимэт зэпымыууэ сыщІигъэдэІуу къекІуэкІащ.

ЗАУЭР къэмыхъей щІыкІэ, 1939 гъэм, си адэ Ахъсор Кърым Сэлэдулэ и кІуэр Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиуахуэ Тэрч районым хыхь Ислъэмей къуажэм дзт курыт еджапІэм егъэджакІуэу щылажьэрт. А Іэнатіэм Іуту, 1940 гъэм абы унагъуэ иухуат, жылэм щыщ Хъущт Хъэзиэзт къиншэри. Си анэр абы щыгъуэм сабий гъэсапІэр и Іэмыщіэм илъу лажьэрт. Ильэсиц хуэдизкІэ Исльэмей щылэжьаэу, ди адэр щалъуа жылэжьым, Къаншыуей, дзт курыт школым и унафэщІу зегъэкІуэжат. Зауэри ди лъахэм къэсагъэхэт. Си адэм и къуэш нэхъыщІищри фронтым Іутт. Кърымрэ и зы къуэш нэхъыжькъ Хьэмышцэрэ бронь къратауэ фронтым и щІыб къыдэтт. ЦІыхухъэшхэ хъуа жылэжьым Іуэху мащІэт дэлъыр щызэфІэхьн хуейуэ?!

Я къуэшхэр зэрэзыкІуэдар къезыгъащІэ гуауэ тхылъхэр зым и ужь адрейр иту унагъуэм къыщІэрыхьэм, зы дакъикъи мыгупсысу къэна зэкъуэшитІри зауэм дэкІащ, я анэ къыпхъхэм яІъ ящІэжьыну. А зэманым Курп лъэныкъэкІэ щыІэ жылэхэр зэрызылар Мэздэгу дзт военкоматрати, фронтым Іуэхури и пэ, абы зыщагъасэу щыІащ.

Зауэм псэемыблэжу хэтащ тІури. Си адэр уІэгъэ хьэлъэ хъури, Георгиевск сымаджэщым щІэхуащ, и къуэш Хьэмышцэ Мэздэгу къалэм пэмыжьижьу хэкІуэдащ. Зауэ гущІэгъунэщэм ди лъэпкъым щыщу цІыхухэу 14 кІуати, 10-м къаГъэзэжакъым.

Си адэр уІэгъэщым зэрыщІэлъым и ухэсрапІэр си анэм къыщыІэрыхьэм, цІыхубз зыбжанэ щІыпІэу щІэупщІакІуэ ХъэІуэ кІуаУэ зэрыщытар къызэжиІэжауэ щытащ. Си адэр нэхъыфІ зэрыхъужу, зауэм Іуихьэж зэрымыкъуным щыхьэт техъуэ тхылъ къратри, шыгукІэ къашэжат. Ар 1942 гъэм и кІэзрат. Нэмыщэхэр къуажэм дэст. Зы жэщ закъуэ унэм нэху къыщарагъэкІри, къащІэмэ, зэраІэщІэкІуэдэнур я псэм ищІэрти, ди адэр щэхуу ирашэлІащ Хьэпщей къуажэм Борийх и и щыпхъу нэхъыжь Къыбэ деж. ЗэманкІэ абы щыІэри, Іуэхур нэгъуэщІуу мыхъуу, и адэанэм деж къигъэзэжащ. Арщхьэкіэ унэр нэмыщэм зэраубыдам хуэдэти, хадэбгъум къыщатІа щІыунэр пІалъэкІэ псэупІэ хуэхъуащ.

Іуэхур псэзэпылъхьэпІэт - Арыкъым ис ди сэлэтхэр нэмыщэхэм хуабжьу къахэхэрти, къуажэдэсым щыщи щыхэкІуадэ къэхъурт. ЦІыхухэр а щытыкІэм игъэгужьеІуэ жылэм я щхьэр дахьрт. Ауэ си адэшхуэанэшхуэхэу Сэлэдулэрэ Гуащэкъанрэ дэкІын ядакъым, къэкІуэжа я къуэм апхуэдизу тегужьеикІати. Быным ящыщу псэ Іуту къаХуэнэжар а зырати, тхъмышщкІитІыр абы щыгуфІыкІырт. И узыншагъэр зэрызэфІэмыувэжыпам хуэдэуи, си адэ Кърым жэщым зигъэпщкІуурэ ди сэлэтхэм гъэрыпкэ зыпылъ хъыбархэр яІэригъэхьэрт. Ахэр къызжезыІэжар си адэ къуэш Хьэмышцэ и щІалэ нэхъыжь Хьэлымщ. Абы щыгуэм ар илъэсих хъурт, и къуэш нэхъыщІэ Алий и ныбжьыр илъэситху ирикъупатэкъым. Сабий дыдэу щытатми, Хьэлым ещІэж а зэман псэзэпылъхьэпІэм щыщу - нэмыщэхэм зыщагъэпщкІуурэ Арыкъыжькъ хьэуазаш кІэ защІыртти, си адэм щыІэгуу ди сэлэтхэм зэрыхьэхуагъасэу щытари яхэту. Уеблэмэ апхуэдэ зы махуэ гуэрым ахэр зэхэуэ гуащІэ здекІуэкІым хэхуауэ щытат, я насыпти, езыхэм къалъэІэсатэкъым, гум щІэщІа шыр хэкІуэда мыхъумэ.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым пщІантІэм нэмыщэ зыбжанэ къыдэхутэри, Іуэм ит жэщІщІэр дахуну иужь ихьащ. Хадэм къикІыжу абы къыріхьэлІа си адэшхуэ Сэлэдулэ зимыІэжьэу унэм щІыхьэжри, фочыр къыщІихри ятрибыдащ. Нэмыщэхэм ящыщ зым и кІэрахьуэр абы кърегъапщэ. Ахэр зэрызэІэпыкІынур Тэшэ ищІэнт, унэм къыщІэкІа нэмыщэ офицеры и унафэм щІэтым къытекІиеу и кІэрахьуэр иримыгъэлъхьжамэ. Ауэ абы щхьэкІэ жэмыр дамыхун къагъэнакъым. И къуэхэм хьэдэІусу ахуиуКІну зыщыгугъа жэм закъуэр Іэщіахат лІыжь тхъэмыщкІэм.

А махуэм къыкІэлъыкІуа жэщым зэрызехьэшхуэ хъхъуащ. Іэпащ1эхуэр зэщІакъуэу пІащІэгъэкІэ жылэр ябгынэрт зэрыпхъуэкІуэхэм. А псори Хьэлым и нэкІэ илъэгъуат.

Зауэм и кІэр хьэдагъэщ, жаІэ. Хьэдагъэ мыхъужт си адэшхуэ-анэшхуэм я дежкІэ ар. Зауэ гущІэгъунэшэм я къуитхур ихьат. Шынагъуэт нэмыщэм зэхафыщІауэ зэфІэгъэувэжын хуей жылэм и тепльэри. Къуажэхэм «псэ къахьхьэжу» щыхуежьэм, школхэми 1943 гъэм и фоІадэм сабийхэм кІуэн щІадзэжащ. Си адэ Кърым жылитІым я школ унафэщІу ягъэкІуами, зыхунэса щымыІэу зауэм дыркъуэу кьытрина и уІэгъэр къэнтэжри, 1944 гъэм и ГъатхэпІэ мазэм дунейм ехьжащ. Абы ижь иту дунейм ехьжащ си адэшхуэ Сэлэдули, мыгувэу яКІэлъыкІуэжащ си анэшхуэ Гуащэхьани. Адэжь лъапсэр нэщІ щыхъум, Хьэмышцэ и щІалитІыр, Хьэлымрэ Алийрэ, Туебйхэ я анэшым ящэжащ, я анэр зэрысымаджэм къыхэкІыу. Сэри Ислъэмей къуажэм дэс си анэш Хъущтхэ псэупІэ схуэхъуащ.

Зауэ нэужь ильэсхэр егъэлеяуэ хьэлъащ: цІыхухэм яшхын ямыІэу, я фэм ирагалъхьэн ямыгъэту, гъэсапныпхъэкІи гугъу ехьу. Жэмкіэ вэрт, гъавэр Іэкіэ Іуахыжьырт, губгъуэм жэщми хэсу цІыхур лажьэрт. Сэри си анэ дэлъхуэм сыщІыгъуу губгъуэм сыдэкІырт, схуэщІэшхуэ щымыІэми, зэрыхъукІэ нэхъыжьхъэм сапэІэбэрт. Бригадирэм хуабжьу загъэткІийрт, лей щызэрахьи кхъхуу. ЩхьэтепІэншэу къэна цІыхубэхэр хэгурькъеихьат.

Си анэр 1949 гъэм унагъуэ ихьэжащ. Анэдэкіуэу хамэ лъэпкъ сримыгъашэу, си анэшхуэм сызриубыдыІэжри, балигъ сыхьухункІэ сипІащ, сригъэджащ, сигъэсащ. ГъащІэм и пІалъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, абы и гугъуехь куэд натІэ зыхэхъуа си анэшхуэм псэухункІэ и жьІэм сыщІэтащ. Нобэ хэт и фІэщ пхуэщІи а зэман бзаджэм цІыхухэр нэхъ гущІэгъуныуэ, нэхъ гулъытэ зэхуащІу зэрыщІтар жьпІэмэ.

Дзэм къуныкъу щысщІа нэужь, Налшык къалэм дэт кооперативе техникумым сыщеджащ, Тэрч къалэм дэта райпом сыщылэжьащ.

Си адэ къуэшым и бынхэу Хьэлымрэ Алийри унагъуэ яухуэжащ. Ауэ гъащІэ мащІэщ иІар Алий - быным я насып хуиту хэплъэну хунэмыс дунейм ехьжащ.

Зэшхэм я гуныкъыгъуэт я адэ Хьэмышцэ и кІуэдыкІар зэрамыщІэр икІи зэрымыуэу абы и хьэбар лъысхъэрти, Ставрополь щыналъэм хьихьэ Стаброевскэ станицэм щыІэ сэлэт къуэшыкхъэм щІэлъу ар къаГъуэтыжащ. Накъыгъэм и 9-м ирихьэлІэу сэри я быным хэри дызэгъусэу ильэс куэдкІэ абы и кхъащхьэм декІуэлІащ.

Жьгым къудамэщІэхэр къызэрыкъуэжьым хуэдэу, ди лъэпкъыми зыкъиужьыжащ, ауэ зауэм и бынхэм ди нэгу щІэкІам хуэдэ Тхъэм зыми иримыгъэлагъу афІэкІа. Сыт хуэдэ гугъуехьрэ лъэпощхьэпорэ гъащІэм упщІигъэувэми, ар зэгуэр блэкІынурэ, а гъащІэ дыдэм укъыхэнэжынущ. Насыпщ и хабзэрэ и цІыхугъэрэ хуэпэжу ар къызэзынэкІыфм.

АХЪСОР Анибал.
Тэрч къалэ

● Тхылъыщіэ

Хьэшыр Чылар теухуауэ

Коллекционер цІэрыІуэ Тхъэхъуахъуэ Іэуес иджы дыдэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдигъэкІащ «Предметы коллекционирования, посвящённые первовосходителю на Эльбрус Килару Хашировы» тхылъыр.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ иужьрей зэманым щІэупщІэ щызиІэ хъуа фалеристикэ тхыдэ унэтІныныгъэм адэкІи коллекционерхэм зрагъэужьыну дыщогъуэ. Филателием (пощт маркэхэр, конвертхэр, карточкэхэр е нэгъуэщІ бланкхэр, тхылъхэр зэхуэхьэсыныр) и унэтІныныгъэ гъэщІэгъуэнхэм ящыщщ художественнэ маркэ зытелъ конвертхэр зэхуэхьэсыныр. А Іуэхугуэхэр къалъытэ къэухьым зезыгъэужьу икІи тхыдэм ухэзыгъэгъуазэу. Тхьэкъуачъуэ Іуэес къыдигъэкІа буклетхэм хигъэхьащ дыщэ, дыжьын зытебэа медалхэр, художественнэ маркэ зытелъ конвертхэр, сурэтхэр зытет конвертхэр.

«Предметы коллекционирования, посвящённые первовосходителю на Эльбрус Килару Хаширову» тхылъым щызэхуэхьэсащ фалеристикэм хьихьэ, тхыдэ, коллекционер мыхьэнэ иІэу Брамтэ щыщ адыгэлІ Хьэшыр Чылар теухуахэр. КъыдэкІыгъуэм хагъэхьахэм ящыщщ совет властыр Абхъазым зэрыщагъэуврэ ильэс 50 щрикъум ирихьэлІэу Чукбар Григорий и унафэм щІэту Іуащхьэмахуэ дэкІа гупым ирата медалыр, Чылар и сурэтыр япэу къыщыгъэльэгъуар. 1979 гъэм КъБАССР-м Альпинизмымкіэ и федерацэм Іуащхьэмахуэ щигъэкІуэкІащ дунейпсо юбилей альпиниадэ, Кавказым и бгы нэхъ льагэ дыдэр къызэрагъэІурыщІэрэ ильэси 150-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ. Юбилей Эльбрусиадэр иригъэкІуэкІащ СССР-м и Спорткомитетым, Ставрополь крайм Альпинизмымкіэ и федерацэр дэщІыгъуу. А Іуэхугуэхэм ирихьэлІэу ягъэхьэзыра значок гъэщІэгъуэнхэр тхылъым хагъэхьащ. Альпинист значокхэм ящыщщ «Первовосхождение. 1829 г. К. Хаширов. 1890 г. А. Пастухов» дамыгъэри.

Зэман зыбжанэ дэкІыжкъуэ, «Бум-Банк» ООО-м къыдигъэкІащ «Килар Хаширов. Первовосходитель на вершину Эльбруса в 1829 г.», «Знаменитые адыги (черкесы) серием хьихьэу. Дунейпсо Арткомитетым и хэлъхьэныгъэ щІ «Первый покоритель Эльбруса кабардинец Килар Хаширов» медалыр, Чылар Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІри ильэси 180-рэ щрикъум ирихьэлІэу къыдагъэкІар. Апхуэдэущ Хьэшыр Чылар Іуащхьэмахуэ и щыгум дуней псом щыяпэу зэрыдэкІрэ ильэси 190-рэ щрикъум ирихьэлІэу Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд «Хьэшыр Чылар» медалыр зэрыригъэщІар. КъищынэмыщІауэ, Хьэшыр Чылар и щІэблэ Хьэшыр Аскэр и лъэІукІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэкІхэм ягъэхьэзыращ «190 лет первовосхождению на Эльбрус кабардинца Килара Хаширова» дыжьын знакыр. Хьэшыр Чылар и сурэтыр пощт маркэхэм ыкІэтхуащ. Налшык щыщ коллекционерхэм, Тхьэхъуахъуэ Іуэеси ящыгъуэу, значокхэр зэхуэхьэзыращ. Апхуэдэу Чылар траухуащ ди республикэм нэмыщІ нэгъуэщІ щІыналъэхэми къыщыдагъэкІа значокхэр.

НэхъапэІуэкІэ Тхьэкъуачъуэ Іуэес и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Кабардино-Балкария на почтовых марках мира» (2018), «Кабардино-Балкария на почтовых художественных маркированных конвертах» (2019), «Кабардино-Балкария на двусторонних художественных маркированных почтовых карточках» (2019) буклет-альбом щхьэкІэлъыкІэхэр.

Пощт карточкэхэр лэуэжьыгуищу зэщхьэщокІ: зи напэ узыІуплъэр кьабзэ, тхыгъэ зэрыхуагъэхьынум хуэщІахэр; сурэтхэмкІэ щІэдхахэр; зы Іуэху гуэрым хуэщІа къыдэкІыгъуэ щхьэхуэхэр. Тхьэкъуачъуэм и буклетым ихуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ дахэхэр, щІыуэпс кьулейр, фэеплъхэр, цІыху цІэрыІуэхэр къызэщІабыдэу.

Буклетым традза карточкэхэр зэкІэлъахьащ адэр хьащІы-дагъэкІа гъэм елъытауэ. Апхуэдэу къыщыхьащ карточкэм и уасэр, сурэтыщІым е сурэттехьи и унэцІэр. 1961 гъэм щыщІэдзауэ карточки 105-рэ утыку кърахащ.

 Par хуэдэ ирихьэлІэу Тхьэкъуачъуэ Іуэес и Іэдакъэ СССР-м Связымкіэ и министерствэм 1953 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІащ. НэхъапэІуэкІэ, 1927 гъэм щыщІэдзауэ СССР-м къыщыдагъэкІыу щыта марка зытелъ конвертхэм къащхьэщыкІыу, абыхэм къэрал гербыр къыщыхьатэкъым икІи конвертым и сэмэгурабгъу льэныкъуэм сурэтхэр традзэрт. Япэ сонет художественнэ маркэ зытелъ конвертым кхъухь тету къыдагъэкІауэ щытащ.

Мы буклетхэр яхуэщхьэпэнущ коллекционерхэмрэ республикэм и тхыдэр зыщІэхэмрэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Зауэм и бынхэр

Жыгым къудамэщІэ къызэрыдэжьыжым хуэдэщ гъащІэри

Хабзэ хъуащи, мэкъуауэгъуэм и 1-м дэнэкІи щагъэлъапІэ Сабийхэр зыхъумэным и дунейпсо махуэр. Коронавирусым и зэранкІэ ди къэралыр, республикэр мы зэманым щытыкІэ къызэрымыкІуэм итми, махуэшхуэр ныбжьыщІэхэм гукъинэ щыхъуным дэнэкІи щыхуэнабдзэгубдзапІэщ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭ мазэм и япэ махуэр гулъытэншэ ямыщІу, Бахъсэн щІыналъэм и администрацэм унафэ къиштащ зи узыншагъэм сэкъат иІэу районым щыпсэу сабийхэм яхуэгуэпэну. Апхуэдэ цІыкІухэр и кІэзрат. Нэмыщэхэр къуажэм дэст. Зы жэщ закъуэ унэм нэху къыщарагъэкІри, къащІэмэ, зэраІэщІэкІуэдэнур я псэм ищІэрти, ди адэр щэхуу ирашэлІащ Хьэпщей къуажэм Борийх и и щыпхъу нэхъыжь Къыбэ деж. ЗэманкІэ абы щыІэри, Іуэхур нэгъуэщІуу мыхъуу, и адэанэм деж къигъэзэжащ. Арщхьэкіэ унэр нэмыщэм зэраубыдам хуэдэти, хадэбгъум къыщатІа щІыунэр пІалъэкІэ псэупІэ хуэхъуащ.

Іуэхур псэзэпылъхьэпІэт - Арыкъым ис ди сэлэтхэр нэмыщэхэм хуабжьу къахэхэрти, къуажэдэсым щыщи щыхэкІуадэ къэхъурт. ЦІыхухэр а щытыкІэм игъэгужьеІуэ жылэм я щхьэр дахьрт. Ауэ си адэшхуэанэшхуэхэу Сэлэдулэрэ Гуащэкъанрэ дэкІын ядакъым, къэкІуэжа я къуэм апхуэдизу тегужьеикІати. Быным ящыщу псэ Іуту къаХуэнэжар а зырати, тхъмышщкІитІыр абы щыгуфІыкІырт. И узыншагъэр зэрызэфІэмыувэжыпам хуэдэуи, си адэ Кърым жэщым зигъэпщкІуурэ ди сэлэтхэм гъэрыпкэ зыпылъ хъыбархэр яІэригъэхьэрт. Ахэр къызжезыІэжар си адэ къуэш Хьэмышцэ и щІалэ нэхъыжь Хьэлымщ. Абы щыгуэм ар илъэсих хъурт, и къуэш нэхъыщІэ Алий и ныбжьыр илъэситху ирикъупатэкъым. Сабий дыдэу щытатми, Хьэлым ещІэж а зэман псэзэпылъхьэпІэм щыщу - нэмыщэхэм зыщагъэпщкІуурэ Арыкъыжькъ хьэуазаш кІэ защІыртти, си адэм щыІэгуу ди сэлэтхэм зэрыхьэхуагъасэу щытари яхэту. Уеблэмэ апхуэдэ зы махуэ гуэрым ахэр зэхэуэ гуащІэ здекІуэкІым хэхуауэ щытат, я насыпти, езыхэм къалъэІэсатэкъым, гум щІэщІа шыр хэкІуэда мыхъумэ.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым пщІантІэм нэмыщэ зыбжанэ къыдэхутэри, Іуэм ит жэщІщІэр дахуну иужь ихьащ. Хадэм къикІыжу абы къыріхьэлІа си адэшхуэ Сэлэдулэ зимыІэжьэу унэм щІыхьэжри, фочыр къыщІихри ятрибыдащ. Нэмыщэхэм ящыщ зым и кІэрахьуэр абы кърегъапщэ. Ахэр зэрызэІэпыкІынур Тэшэ ищІэнт, унэм къыщІэкІа нэмыщэ офицеры и унафэм щІэтым къытекІиеу и кІэрахьуэр иримыгъэлъхьжамэ. Ауэ абы щхьэкІэ жэмыр дамыхун къагъэнакъым. И къуэхэм хьэдэІусу ахуиуКІну зыщыгугъа жэм закъуэр Іэщіахат лІыжь тхъэмыщкІэм.

А махуэм къыкІэлъыкІуа жэщым зэрызехьэшхуэ хъхъуащ. Іэпащ1эхуэр зэщІакъуэу пІащІэгъэкІэ жылэр ябгынэрт зэрыпхъуэкІуэхэм. А псори Хьэлым и нэкІэ илъэгъуат.

Зауэм и кІэр хьэдагъэщ, жаІэ. Хьэдагъэ мыхъужт си адэшхуэ-анэшхуэм я дежкІэ ар. Зауэ гущІэгъунэшэм я къуитхур ихьат. Шынагъуэт нэмыщэм зэхафыщІауэ зэфІэгъэувэжын хуей жылэм и тепльэри. Къуажэхэм «псэ къахьхьэжу» щыхуежьэм, школхэми 1943 гъэм и фоІадэм сабийхэм кІуэн щІадзэжащ. Си адэ Кърым жылитІым я школ унафэщІу ягъэкІуами, зыхунэса щымыІэу зауэм дыркъуэу кьытрина и уІэгъэр къэнтэжри, 1944 гъэм и ГъатхэпІэ мазэм дунейм ехьжащ. Абы ижь иту дунейм ехьжащ си адэшхуэ Сэлэдули, мыгувэу яКІэлъыкІуэжащ си анэшхуэ Гуащэкъани. Адэжь лъапсэр нэщІ щыхъум, Хьэмышцэ и щІалитІыр, Хьэлымрэ Алийрэ, Туебйхэ я анэшым ящэжащ, я анэр зэрысымаджэм къыхэкІыу. Сэри Ислъэмей къуажэм дэс си анэш Хъущтхэ псэупІэ схуэхъуащ.

Зауэ нэужь ильэсхэр егъэлеяуэ хьэлъащ: цІыхухэм яшхын ямыІэу, я фэм ирагалъхьэн ямыгъэту, гъэсапныпхъэкІи гугъу ехьу. Жэмкіэ вэрт, гъавэр Іэкіэ Іуахыжьырт, губгъуэм жэщми хэсу цІыхур лажьэрт. Сэри си анэ дэлъхуэм сыщІыгъуу губгъуэм сыдэкІырт, схуэщІэшхуэ щымыІэми, зэрыхъукІэ нэхъыжьхъэм сапэІэбэрт. Бригадирэм хуабжьу загъэткІийрт, лей щызэрахьи кхъхуу. ЩхьэтепІэншэу къэна цІыхубэхэр хэгурькъеихьат.

Си анэр 1949 гъэм унагъуэ ихьэжащ. Анэдэкіуэу хамэ лъэпкъ сримыгъашэу, си анэшхуэм сызриубыдыІэжри, балигъ сыхьухункІэ сипІащ, сригъэджащ, сигъэсащ. ГъащІэм и пІалъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, абы и гугъуехь куэд натІэ зыхэхъуа си анэшхуэм псэухункІэ и жьІэм сыщІэтащ. Нобэ хэт и фІэщ пхуэщІи а зэман бзаджэм цІыхухэр нэхъ гущІэгъуныуэ, нэхъ гулъытэ зэхуащІу зэрыщІтар жьпІэмэ.

Дзэм къуныкъу щысщІа нэужь, Налшык къалэм дэт кооперативе техникумым сыщеджащ, Тэрч къалэм дэта райпом сыщылэжьащ.

Си адэ къуэшым и бынхэу Хьэлымрэ Алийри унагъуэ яухуэжащ. Ауэ гъащІэ мащІэщ иІар Алий - быным я насып хуиту хэплъэну хунэмыс дунейм ехьжащ.

Зэшхэм я гуныкъыгъуэт я адэ Хьэмышцэ и кІуэдыкІар зэрамыщІэр икІи зэрымыуэу абы и хьэбар лъысхъэрти, Ставрополь щыналъэм хьихьэ Стаброевскэ станицэм щыІэ сэлэт къуэшыкхъэм щІэлъу ар къаГъуэтыжащ. Накъыгъэм и 9-м ирихьэлІэу сэри я быным хэри дызэгъусэу ильэс куэдкІэ абы и кхъащхьэм декІуэлІащ.

Жьгым къудамэщІэхэр къызэрыкъуэжьым хуэдэу, ди лъэпкъыми зыкъиужьыжащ, ауэ зауэм и бынхэм ди нэгу щІэкІам хуэдэ Тхъэм зыми иримыгъэлагъу афІэкІа. Сыт хуэдэ гугъуехьрэ лъэпощхьэпорэ гъащІэм упщІигъэувэми, ар зэгуэр блэкІынурэ, а гъащІэ дыдэм укъыхэнэжынущ. Насыпщ и хабзэрэ и цІыхугъэрэ хуэпэжу ар къызэзынэкІыфм.

АХЪСОР Анибал.
Тэрч къалэ

● Гулъытэ

Сабийхэр ягъэгуфІэ

82-рэ хъурти, дэтхэнэми дыгуасэ лъагъэІэсащ шхыныгуэ Іэфіхэмрэ ахъшэ саугъэт цІыкІухэмрэ.

Районым и унафэщІхэр апхуэдэу ехъуэхъуащ сабий куэд зиІэ унагъуэхэми. Мазхуэшхуэр хуагъэлъапІэу, быин 4 е нэхъыбэ щапІ ина-гъуэшхуэ 40-м абыхэм хуагъэхьэзыращ икІи Іэрагъэхьащ ерыскъы зэмылІэужьыгъуэхэр, Іэфіыкіэхэр зэрыпІъ хъурыжьынхэр.

Псапащ1э Іуэху дахэм жьыджэру хэтащ ДыщэкІхэ я Іэфіыкіэ Іуэхущапіэр. ЩІыпІэм и пашэхэм фІыщІэ хэха хуащІ абы и унафэщІхэми лэжьакІуэхэми, сабийхэм хуаша торт цІыкІухэр дахэу, гурыхьу зэрыхуагъэхьэзырам папщІэ.

ЦІыхухэм хуабжьу гуапэ ящыхъущащ щІыналъэм и унафэщІхэм кьабгъэдэкІа гулъытэр, сабийхэрати, абыхэм я гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ нэрылъагъуу хэхъуат.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ

Гъуазэхэр

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтыр къыщыхэІуахагъащІэ зэманхэм щыщІэдзауэ ІуэрыІуатэр нэхъ гулъытэ зиІэхэм ящыщ зыщ. Par дыдэу ди институт щатым хэхуауэ щыта адыгэ уэзщІакІуэ Щэрыплокъуэ Тальостэн и Іуэхущапіэм и унафэщІ Щэрыплокъуэ Тальостэн щытар аращ - «фольклорист».

АБы ХУЭДЭ лІы цІэрыІуэ куэд мы институтым и фІыгъэкІэ телэжьащ адыгэуэрэдыжьхэр, хъыбарыжьхэр, псалъэжьхэр, таурыхъэхэр къыгурыІуениым, тедзэным, щІэныгъэ хабзэм тету къэпщытэным. Апхуэдэу, илъэс 80 ипкІэ къэрал къалащхьэм и тхылъ тедзапІэхэм нэхъ пщІэ зиІэхэм ящыщ зым, «Academia»-м, къыщыдагъэкІауэ щытащ урысыбзэкІэ зэдзэкІауэ адыгэ ІуэрыІуатэм и жанр псоми я нэхъ щыпкъэ щапхъэхэр щ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62-хэм итщ).

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман

Іэта-Ильяс мэдыкьэшхри:

- Насып уиІэти, Нэкъар, абы щыгъуэ уэ утщІыгъуэтэкъым. Къэхъуаращи... Пці ыхужыркъэ-тІэ уэ Жэфар и хьэлыр? Къэбэрдей адыгэхэм Инал Нэху зэрэІэм ирибамПІэурэ, езыми модэ Болгар жьыхуаІэм къыщІэхъуу къэжуэша таурыхъыр «Аспарух и цІэкІэ» кьиужьгъыжри... Сытми, къущхьэ-тэтэр хьэблэ зыПІущым дэсхэр къэбэрдейхэм ящыуштиу Жэфар яужь ихьащ «Аспарух и цІэкІэ».

- НтІэ? - егъэщІагъуэ жаней абрэджым.

- НтІэ, а мывэ бгъэунщІагъэхэм зыщІрагъэІубэжьи хуэдэу щхьэнштэ-къым къущхьэ-тэтэрхэр: зэхыхьэри Жэфару пПьагъэр, дэри дригъэсу, кърахужьжащ.

- Жумыіэт апхуэдэу, нэгъуей, - Абрэджыр пІащІэу Іэта-Ильяс пэрэуэри, Нэкъар деж зыщиуэзхуэ щІыкІэу: - Къущхьэ-тэтэрхэм Жэфар жиІэхэр кьиз эрыхуамыгъэдахэр кьыдгурыІуэри, дэри Бэхъуным дегиящ. ГурыдгъэІуащ зыми ар кьиз эрыхуимыдэнур. Абдеж езым и закъуэу кьыщІыдэнри, уэ уэщхьу, ди занщІэр ди гъэзугу, дыкъежьэжащ.

- Жэфар апхуэдэу фызэгияр? Хуабжьу мэпщІантІэ ар фэ къэвгиям пащІэ! УвыІэн фи гуГьэжу ара? - Нэкъар Абрэджым Іурыпльэри, и щхьэ жэуап иретыж: - Увы Іэнэхьым-тІэ!

Мамсырыр иджы егупсысыр: «Кърым хъаныи и дзэхэм къущхьэ-тэтэрхэри хашэну иужь итщ мы сэ сльагъуэхэм. ДощІэри, ари хъарзынэщ. Къэбэрдейхэри жьІэзыфІэщщ армыхъумэ, къущхьэхэм я нысашэхэм хэту, шыгъупІастэ зэщыхьу... я пащІащхьэ джэдгъи зэрытрищІэм щхьэ гу лъамытэжрэт? Мырзэбэч трипьэфэну хэтщ кърымхэм я мурадыр. Насып диІэти, мы нэгъуейр и тІуалэм хуитыжкъым. ПльагъуркъэМырзэбэч къыззыщыджар! Аращ-тІэ, сыпщІэнэрызэкІуэтэкъым мызыгъэгъукІэ. Адыгэхэм ягурызагъэІуэн сиІащ иджы».

- ПльагъуркъэаНэкъар зэрыІущыр? - Мырзэбэч нэгъуейм йоупщІ. - Сэ зэи щэч къытесхьэртэкъым абы и Іущагъым. Уэ, Нэкъар, икІи унэхъыщІэт, мыдэ, зы лъэІу пхузиІэщ... Си щІалэр сэ сэщхьу хьыжьэу цІыхухэм яІуатэ. Сызыхуейрат: БэлэтокъуэпщІэм и жьлэ унэсрэ, щІалэм адыгэ хабзэкІэ «НакІуэІ» жеПІэу кьыскъуэпшатэжэ. УэзгуакІуэр пхуэзлэжьынт, ар кьыскъуэпщІэтэжа!

